# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Шет мәмлекеттиң орта билим ҳаққындағы ҳүжжетин тән алыў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 24-июльдағы 620-санлы «Шет мәмлекетлерде билим алғанлығы ҳаққындағы ҳүжжетлерди тән алыў тәртибин жетилистириў ҳаққында»ғы қарары менен тастыйықланған «Шет мәмлекетлерде тәлим алғанлық ҳаққындағы ҳүжжетлерди тән алыў тәртиби ҳаққында Реже» ге муўапық Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Шет мәмлекетлерде билим алғанлық ҳаққындағы ҳүжжетлерди тән алыў комиссиясының 2021-жыл 30-апрельдеги 4-санлы шешимине тийкарланып шет мәмлекетте орта билим алғанлық ҳаққындағы ҳүжжетти тән алыў мақсетинде буйыраман:

1. Министрлик жанындағы шет мәмлекетлерде билим алғанлық ҳаққындағы ҳүжжетлерди тән алыў комиссиясының 2021-жыл 30-апрельдеги 4-санлы шешимине тийкарланып төмендеги пуқараның шет мәмлекетте орта билим алғанлығы ҳаққындағы ҳүжжети Өзбекстан Республикасында тән алынсын.

Исмайылова Мукаддес Хабибуллаевна- Туркменстан Республикасы, Дошогуз ўәлаяты, Куняургенч районы, 22-санлы орта мектеби (9-класс)

2. Шет мәмлекетлерде билим алғанлық ҳаққындағы ҳүжжетлерди тән алыў комиссиясының 2021-жыл 30-апрельдеги 4-санлы шешимине тийкарланып «Шет мәмлекетлерде тәлим алғанлық ҳаққындағы ҳүжжетлерди тән алыў тәртиби ҳаққында Реже» ниң 2-қосымшасына муўапық формада мағлыўматнама рәсмийлестирилип берилиўи тәмийинленсин.

3. Мағлыўматнаманың белгиленген тәртипте электрон цифрлы қол қойыў менен тастыйықланып, тийислилигине қарап мәмлекетлик хызметлер орайына яки Бирден бир интерактив мәмлекетлик хызметлер порталы арқалы талапкерге жибериў ушын Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими бас қәнигеси М.Даулбаев жуўапкер етип тайынлансын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң 1-орынбасары ў.ў.а. К.Бекбаулиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл 30-апрель
117 - санлы